



Pwogram Koneksyon Abòdab

Pwogram Koneksyon Abòdab la se yon pwogram Komisyon Federal pou Kominikasyon ([FCC](#)) ki ede konekte entènèt pou fanmi ak kay ki gen difikilte pou peye sèvis entènèt.

Pwogram Koneksyon Abòdab la bay:

- Jiska \$30/mwa rabè pou sèvis entènèt rapid;
- Jiska \$75/mwa rabè pou kay ki sou tè Tribal ki kalifye; ak
- Yon rabè yon sèl-fwa ki rive jiska \$100 pou yon laptop, òdinatè Dèsktòp, oswa tablèt ou achte nan men yon founisè ki patisipe nan pwogram nan si kay la kontribye plis pase \$10 men mwens pase \$50 nan pri acha a.

Pwogram Koneksyon Abòdab la limite ak yon rabè pou sèvis entènèt chak mwa epi yon rabè pou yon aparèy pou chak kay.

Kiyès ki kalifye?

Yon kay kalifye si yon moun nan kay la satisfè omwen youn nan kritè ki anba yo:

- Gen yon revni ki nan oswa anba 200% nan Gid Povrete Federal la;
- Patisipe nan kèk pwogram asistans, tankou SNAP, Medicaid, Asistans Federal pou Lojman Piblik, SSI, WIC, oswa [Lifeline](#);
- Patisipe nan pwogram tribal espesifik, tankou Biwo Asistans Jeneral pou Aktivite Endyen yo, Tribi TANF, oswa Pwogram Distribisyon Manje sou Rezèvasyon Endyen yo;
- Li apwouve pou resevwa avantaj pwogram manje midi gratis ak pri redwi oswa pwogram manje maten lekòl la, ak pou pwogram USDA ki rele Pwovizyon pou Kominote Elijib;
- Te resevwa Sibvansyon Federal Pell pandan ane aktyèl yo ap bay li a; oubyen
- Satisfè kritè kalifikasyon pwogram pou moun ki gen revni fèb yo yon founisè entènèt rapid apwouve.

Al tcheke fcc.gov/ACP pou ou kapab wè **kesyon konsomatè yo souvan poze (FAQ)** ak lòt resous pwogram nan.

De etap pou enskri

1. Ale nan AffordableConnectivity.gov pou voye yon aplikasyon oswa enprime yon aplikasyon pou voye pa lapòs; epi
2. Kontakte founisè entènèt prefere w la ki patisipe nan pwogram sa, pou ou chwazi yon plan ki kalifye epi fè yo fè rabè nan bòdwo ou.

Gen kèk founisè ki ka gen yon lòt aplikasyon ke yo pral mande w ranpli.

Kay ki kalifye yo dwe aplike pou pwogram nan epi kontakte yon founisè entènèt ki patisipe nan pwogram nan pou chwazi yon plan sèvis.

Pou plis enfòmasyon sou Pwogram Koneksyon Abòdab la:

Rele 877-384-2575

Oswa vizite fcc.gov/ACP